



*Building Bridges for today's students to cross into tomorrow's world with equity, innovation and optimism*

**Administration Building** • 13A Dickinson Avenue • Nyack, NY 10960 • (845)353-7000  
Phone: (845)353-7015 • Fax: (845) 353-0508 • [Email: jmontesano@nyackschools.org](mailto:jmontesano@nyackschools.org)

**James Montesano, Ed.D.**  
Superintendent of Schools

**5500-E1**

## **NYACK UNION FREE SCHOOL DISTRICT**

### **Avis sou Dwo Paran ak Elèv anba banyè Règleman FERPA**

Lwa Pou Pwoteje Vi Prive Fanmi ak Dwa Pou Edikasyon Pitit w (FERPA). Se yon lwa ki pèmèt paran ak elèv ki gen 18an ou plis (elèv elijib) sèten dwa konsènan dosye edidatif yo: Dwa sa yo enkli sa ki anba la.

Paran oubyen elèv elijib (18 an ou plis) gen dwa enspekte/revize dosye l pandan 45 jou aprè yo fè deman la bay Lekòl Piblik Nyack. Paran oubyen elèv ki elijib yo dwe fè demand la alekri, idantifye ki dosyen yo vle enspekte, bay direktè lekòl li oubyen yon lòt ofisyèl lekòl la. Ofisèl sa ap fè tout sa ki nesèse pou enfòmasyon paran oubyen elèv ki elijib la ki kote e kilè yo kapab gen aksè ak dokiman ke yo vle enspekte yo.

1. Dwa paran oubyen elèv ki elijib yo ka mande chanjman nan dosye edikatif yo si yo panse enfòmasyon nan dosye a pa kòrèk oubyen si enfòmasyon yo vyole vi prive elèv la dapre règleman ki nan lwa FERPA.

Paran oubyen elèv ki elijib yo ki vle mande Distri an pou fè chanjman nan dosye li dwe fè demand la alekri bay direktè pwòp lekòl li oubyen yon lòt pèsònèl lekòl la. Se pou li idantifye klèman ki enfòmasyon li vle chanje nan dosye li epi pou ki rezon li vle chanjman sa yo. Si lekòl la deside ke yo pap fè chanjman paran ou elèv la mande a, lekòl la ap enfòmasyon paran an ak elèv ki fè demand yo a lekri konsènan desizyon yo ak dwa legal paran ak elèv la. Lekòl la ap fè paran ak elèv la konnen dwa yo pou vini nan biwo an pou diskite ka yo. Lekòl ap enfòmasyon paran ak elèv la lè pou vini.

2. Paran ak elèv ki elijib yo gen dwa bay konsantman yo alekri anvan menm Distri a mete enfòmasyon pèsònèl nan dosye yo men sepandan genyen, eksepsyon ki konfòme nan limit lwa FERPA a ki pèmèt sèten enfòmasyon parèt san konsantman paran ak elèv elijib yo.

Genyen yon eksepsyon ki pèmèt Distri a bay/divilje enfòmasyon nan dosye elèv la san konsantman paran oubyen elèv yo si Distri a genyen yon rezon ki gen pou wè ak edikasyon. Yon ofisyèl lekòl se yon moun ki travay nan Distri a a yon nivo administratif, sipèvisyon, akademik, resèch oswa moun ki nan pozisyon pou bay sipò (enkli, lapolis, ak anplwaye sante); yon moun ki manm Biwo Edikasyon Lekòl la; yon paran oswa yon elèv ki nan yon komite ki gen pou wè ak disiplin ou komite pou tande plent moun pote bay. Yon ofisyèl lekòl la ka enkli tou, yon volontè oswa yon travayè sou kontra ak lekòl la tèl ke yon avoka, yon oditè, yon ajan kap rekouvri lajan nan men Distri an oubyen yon elèv ki sèvi kòm volontè pou ede yon lòt ofis, yon ajan kap rekouvri lajan nan men Distri an oubyen yon elèv ki sèvi kòm volontè pou ede yon lòt ofisyèl nan fè travay li. Si yon ofisyèl lekòl la bezwen revize yon dosye pou yon rezon edikasyonèl, li ka gen aksè a dosye a pou pèmèt li ranpli tach pwofesyonèl li pou Distri a.

Se sou demand, Distri an gen dwa bay enfòmasyon ki nan dosye edikatif elèv la bay yon ofisyèl nan yon lòt distri san konsantman si elèv la gen entansyon enskri oswa si li te deja enskri nan yon lòt distri, Anplis, Distri a ka pataje enfòmasyon yo nesèse si elèv la bezwen enski oswa transfere nan yon lòt lekòl.

3. Paran ou elèv ki elijib yo (18an ou plis) gen dwa pote plent bay Depatman Edikasyon Etazini konsènan rezon Distri a pa konfòme ak lalwa FERPA a. Non ak adrès Ofis ki pran chaj plent sa yo se:

Family Policy Compliance Office  
U.S. Department of Education  
400 Maryland Avenue, SW  
Washington, DC 20102

FERPA egjize Lekòl Nayak la yon sèten eksepsyon, pou yo genyen konsantman ou alekri anvan menm yo bay enfòmasyon pèsone ki nan dosye pitit ou. Sepandan, Distri a ka bay enfòmasyon apwopriye ki gen rapò ak “sèvis pou ansèyman” san konsantman ou, sòf si ou te konseye Distri a kontrèman, ou pla vle. Bi prensipal enfòmasyon yo se pou pèmèt Distri enkli tip enfòmasyon sa yo nan dosye pitit ou nan sèten piblikasyon lekòl la. Nou pral bay sèten ekzanp:

- Pwogram pou anonse wòl pitit ou jwe nan yon pyès teyat
- Jounal/Rekèy anyèl
- Lis non elèv ki fè bon nòt
- Pwogram elèv kap diplome
- Pwogram espò tèl ke: match lit, pwogram pou konpare pwa ak wotè manm ekip la.

Anyè enfòmasyon an pa bay enfòmasyon ki vyole dwa prive yon elèv si yo pibliye li bay lòt òganizasyon. Se pou rezon sa konsantman paran a lekri pa obligatwa. Men lis lòt òganizasyon ki ka gen enfòmasyon sa yo san konsantman ou. Konpayi ki fè bag pou lekòl yo oswa pibliye jounal anyèl yo. Anplis, genyen de lwa gouvènman nasyonal la egjize ajans lokal ki responsab pou edikasyon (LEAs) resewa èd sou banyè Lwa Lekòl Elemantè ak lekòl Segondè (ESEA) pou bay lame kap fè rekritman sèten enfòmasyon tèlke: non, adrès, nimewo telefòn. Anwmens ke paran an enfòmasyon òganizasyon LEA a lekri ke li pa vle òganizasyon sa gen enfòmasyon pitit li san konsantman.

Si ou pa vle Distri mete enfòmasyon pitit ou nan piblikasyon lekòl la sanke ou pa bay konsantman ou davans, ou dwe enfòmasyon Distri a alekri nan 12 janvyè 2018. Men ki enfòmasyon Distri a konsidere nan anyè.

- Non Elèvla
- Adrès
- Nimewo telefòn
- Dat ak ki kote elèv la fèt
- Patisipasyon li nan aktivite espò
- Diplòm ak lòt pwogrè pitit ou fè
- Pwa ak mezi li, si li se manm yon ekip espò
- Prezans li lekòl
- Lekòl li te ye anvan